

# ba yo plis konesans renmen yo plis

Chak moman ou pase ak pitit ou konte. Chante pou pitit ou, li pou li, anbrase li, etabli woutin pou li, koute li lè li vle di w yon bagay oubyen lè li vle yon bagay.

Telefòn 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon [www.bayopliskonesansrenmenyoplis.org](http://www.bayopliskonesansrenmenyoplis.org)

## Fason pou nou elve timoun san nou pa bliye kilti nou

Twazyèm semèn mwa d me a se Semèn Nasyonal Devlopman Timoun Nwa – yon moman pou moun reflechi avèk atansyon espesyal sou difikilte ak opòtinite ki an fas paran Nwa Ameriken ki nan peyi Etazini yo. Youn nan pi gwo keksyon yo se kouman ras ak kilti aji sou timoun nou yo.



Lè w pale ak pitit ou sou keksyon ras, kilti ak gwoup etnik, sa se yon okazyon pou nou bay opinyon sou valè kiltirèl epi pou nou selebre divèsite kominote nou an ki rich anpil. Aktivite atistik ak kiltirèl, ak pwogram mizik ap ede nou anseye timoun yo pou yo vin pi enfòm de pwòp istwa yo ak tradisyon yo – epi istwa ak tradisyon pa lòt moun tou – an menm tan tou, sa ap pouse yo patisipe nan aktivite lekòl yo mete sou pye epi sa ap pouse yo aprann plis. Sa fè timoun yo gen plis fyète, plis respè pou tèt yo ak plis tolerans.

Òganizasyon “The Children’s Trust” la (Fon pou Timoun yo) envesti nan plizyè pwogram apre lekòl ak plizyè atelye, pou yo pale sou koze ki an rapò ak kilti ansanm ak konesans kiltirèl. Respè ak selebrasyon kilti ak idantite rasyal chak timoun, se yon mak fabrik pou tout pwogram ki resevwa finansman nan men “The Children’s Trust”.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou pwogram ki resevwa finansman nan men “The Children’s Trust”, rele nan nimewo sa a 305-571-5700.

Modesto E. Abety  
Prezidan Direktè Jeneral  
The Children’s Trust

## Fason pou w fè kay ou tounen yon kote ki an sekirite pou timoun piti

Lakay nou kapab youn nan kote ki pi an danje pou pitit nou. Bagay ki rann lavi nou pi alèz lakay nou – dlo, kouran, kòd rido – kapab tounen pèlen mòtèl pou sa yo ki pi piti nan fanmi an. Malè rive yon bann ak yon pakèt timoun lakay yo chak ane. Òganizasyon “The Children’s Trust” la (Fon pou Timoun yo) finanse anpil pwogram pou montre paran kouman yo kapab evite domaj.

Premye semèn mwa d me a se Semèn Nasyonal Timoun an Sekirite. Anpil save dakò pa gen anyen ki kapab konpare ak bon jan sipèvizyon granmoun sou yon timoun. Anvan w bat je w yon timoun gen dwa mele nan kèk dezagreman, poutèt sa paran yo dwe enspekte kay yo pou asire pa gen anyen ki ka lakòz danje pou yon timoun.

Se pou n toujou sonje timoun pi piti anpil pase granmoun epi yo kapab antre nan nenpòt kote ki kwense. Yo pi fasil tou pou yo toufe epi pou yo anpwazonnen, paske vwa respiratwa yo pi piti.

Nan Eta Florida sitou, li enpòtan pou nou pa kite timoun yo pre pisin ak kanal dlo ki lakay nou oswa sou katye nou. Montre timoun yo naje pandan yo tou piti. Mete baryè sekirite arebò pisin yo; mete kouvèti manch pòt ki

fèmen ak kle nan tout pòt ki bay sou lakou yo. Ti aranjman kon sa kapab evite malè.

Tout bagay nou bezwen pou rann kay la san danje pou timoun, yo pa vann chè epi nou jwenn yo nan pi fò magazen atik pou tibebe, nan gwo magazen ki vann an detay ak nan kèk magazen kenkayri.

Men kèk konsèy pou ede mete kay la an sekirite pou timoun:

**Desann nan nivo timoun.** Desann sou kat pat pou rann kay ou san danje pou timoun. Gade toupatou. Èske gen fil oubyen plòg ki ka poze danje pou timoun piti? Si se kon sa, bouche plòg elektrik yo ak plòg jelatin, mare fil rido yo yon wotè timoun pa kab rive epi enstale ti baryè sekirite nan tèt ak nan pye mach eskalye yo.

**Enstale aparèy pou detekte lafimen.** Nou ta dwe plase bagay sa yo nan tout etaj kay la pou sekirite tout moun. Fòk nou tcheke pil yo chak mwa pou asire n yo mache. Depatman Ponpye nan Miami-Dade ap enstale detektè lafimen pou wou gratis. Rele Jean Vital nan 786-331-4924 pou l kab ba w plis enfòmasyon.

**Klete zam yo.** Evite gen zam nan kay la. Si w oblije gen zam, asire w li toujou dechaje epi li klete yon kote. Nou pa dwe sere bal yo menm kote ak revolvè oswa fizi.

(Kontinye nan paj 2)

Se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann renmen lot moun, se kon sa y aprann rejisi. Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann menmen li kay dokte regilyèman epi chwazi yon bon kote pou ou bay gade li. Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann menmen li vle yon bagay, menmen li vle yon bagay.



### MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

Sè ak frè: .....	2
Ankouraje timoun pou yo gen bon abidit fè lekti, se yon bagay ki enteresan .....	3
Benyen nan pisin an sekirite .....	4
Fason pou nou elve yon timoun ki vejetaryen .....	4

### MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektiyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anv aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti jounal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.



## Fason pou w fè kay ou tounen yon kote ki an sekirite pou timoun piti

(Atik sou paj kouvèti a ap kontinye)

**Pa sèvi timoun yo manje ki danje.** Nou pa dwe bay timoun piti manje ôtdòg, kawòt, rezen, sirèt di, pòpkòn, oubyen menm manba. Manje sa yo ka lakòz timoun trangle. Nenpòt manje n ap bay yon timoun ki poko gen 3 an, nou dwe tranche yo an ti moso piti anpil.

**Sere medikaman yo ak pwodui chimik yo.** Chak ane yo trete anpil timoun nan sal ijans lopital pou anpwazonman. Se pou nou byen klete tou medikaman doktè preskri, pwodui pou netwaye kay, savon lesiv (fab), pwazon bèt ak lòt bagay ki toksik. Si pitit ou vale yon bagay ki gen pwazon ladann, rele 800-222-1222 pou w ka antre an kontak ak Sant Kontwòl Pwazon ki pi pre lakay ou a. Kite nimewo sa a tou pre telefòn ou epi mache avè l tout tan.

**Evite mete bijou sou timoun.** Timoun piti pa dwe pote bijou. Yo ka vale ti bag ak ti meday piti byen fasil, sa ka lakòz yo blese anndan vant yo oubyen sa ka lakòz yo mourir. Chenn kapab makonnen nan kou yo epi sa ka lakòz yo trangle. Si w ensiste pou w fè pitit ou pote bijou, rezève sa pou okazyon espesyal epi retire l apre sa.

Si w bezwen plis enfòmasyon konsènan sekirite timoun, tanpri telefòn pwogram sa yo:

Jackson Health Systems/Injury Free Coalition:  
305-243-3928

Miami Children's Hospital SAFE KIDS  
Coalition: 305-666-6511



MIAMI-DADE PUBLIC LIBRARY SYSTEM  
[www.mdpls.org](http://www.mdpls.org)

-Ale nan bibliyotèk katye w la pou tcheke liv, aktivite ki genyen ak refleksyon ki pou ankouraje pitit ou nan lekti ak ekriti. Pou kab jwenn bibliyotèk ki tou pre w, rele nan nimewo 305-276-2665 oswa ale nan sit wèb sa a: [www.mdpls.org](http://www.mdpls.org)

## Sè ak frè: rapò ki genyen ant de timoun menm manman ak menm papa nan jan y ap leve

Tèks sa a se Doktè Debbie Glasser nan Enstiti ki fè etid sou timoun piti (Mailman Segal Institute for Early Childhood Studies) ki nan Inivèsite "Nova Southeastern University".

Sèten fwa, frè ak sè kapab bon zanmi. Men tou gen kèk lè kote yo kab ap goumen, epi youn gen dwa pa dakò ak lòt. Kon sa gen kèk pawòl zòrèy ou ap fin abitye avè yo nèt nan kay la, tankou: "Se li k te kòmanse anvan!"; "Sa a se pou mwen l ye!

Ou dwe atann ou ap gen kont kanmenm nan rapò timoun ki frè ak sè anndan yon kay. Tout relasyon ant moun ki chita nan yon fwaye toujou gen bon moman ak kèk ti moman dezagremman tou. Men kèk bagay ou kab fè pou ede pitit ou yo antann yo, aprann rezoud pwoblèm yo antreyo epi pou youn apresye prezans lòt:

❖ **Konsidere dezakò yo kòm opòtinite pou aprann yon bagay.** Ede timoun yo travay sou pwoblèm dezakò yo genyen, nan tèt ansanm. Men sa ou ta kab di "Mwen remake nou gen ti pwoblèm akou nou tou de vle jwe ak kamyon wouj la. Ki jan nou wè nou ta kab pataje l?"

❖ Timoun ki pi piti yo gen dwa bezwen plis èd. Pa egzann, (Yon fason pou n pataje kamyon an, se ta jwe avè l chak moun nan lè tou pa yo. Ben ta kapab jwe ak kamyon wouj la, epi Sam t ap jwe ak ble a. Apre sa, nou ta kab fè echanj. Yon lòt fason ankò nou kab fè, se jwe ak kamyon wouj la ansanm.) Mande yo: "ki jan nou ta renmen fè sa?"

❖ **Evite "pran pou youn oubyen pou lòt."** Se pou ou konsidere tèt ou kòm yon pwofesè ki net k ap ede tout moun olye pou w ta parèt kòm jij ak manm jiri. Ellen Galinsky, youn nan otè liv The Preschool Years (Ane preparasyon pou lekòl yo), sigjere pou w ta di pawòl sa a: "Mwen plis enterese pou m ta wè ki jan n ap rezoud pwoblèm nou an nan tèt ansanm olye pou m ta konnen kilès ki te kòmanse."

❖ **Pran nòt sou konpòtman ki pozitif yo.** Lè timoun nan kont, paran pran nòt. Ou dwe asire w ou pran nòt tou, lè yo gen bon konpòtman. Montre enterè w pou konpòtman ki bon ak pawòl, "M renmen jan n ap jwe byen pwòp ansanm nan. Sa sanble n ap amize nou serye."

❖ **Sèvi modèl pou relasyon youn ak lòt nan respè.** Adrese lòt moun ak jantiyès, respè epi

pasyans. Timoun ou yo ap gade sou ou, pou yo ka aprann ki jan pou yo trete lòt.

❖ **Planifye aktivite pou fanmi an.** Anplis tan pèsònèl ou dwe pase ak pitit ou, planifye lòt aktivite pou fanmi an, tou. Fè yon ti pwomnad an famiy. Moman fanmi an pase ansanm pèmèt relasyon youn ak lòt vin pran fòs.

❖ **Ede timoun yo di sa yo santi.** Lè timoun yo aprann pou yo pale, di sa yo santi, sa fè yo plis kapab rezoud pwoblèm yo gen antre yo, nan lapè, amezi y ap grandi. Pran abidid make sa pitit ou konn santi, yon fason pou yo kab aprann ki jan pou yo jere sityasyon difisil yo, pazapa. Pa egzann (Sanble kè w pat kontan lè Carlos te pran jwèt ou a. Ou kab di l sa. Di l 'Kè m pa kontan, paske se mwen ki t ap jwe ak sa a').

❖ **Pa fè konparezon ant timoun yo.** Sa kab dekourajan pou youn timoun, pou l tande w ap di l: "Frè w la pataje jwèt pa l yo. Pou ki sa ou menm ou pa vle fè sa?" Chak timoun gen pèsònalite pa yo e yo gen fòs ki espesyal pou yo. Fè yo konnen ki sa ou wè ki gen valè yo posede nan yo menm.

❖ **Mete limit ki apwopriye.** Sèten fwa, w ap chwazi pou pa antre nan kont timoun yo genyen antre yo. Sèten lòt fwa, prezans ou nesèsè pou entèvni. Mete limit ki apwopriye si timoun yo ta vle goumen voye kou. Ou dwe asire w gen yon sipèvizyon ki byen fèt sou timoun yo, lè y ap jwe ansanm.

❖ **Ou dwe pran pasyans.** Timoun ki poko menm gen 5 an toujou nan etap aprann pataje ak lòt. Se yon leson ki pran tan pou moun metrize.

Relasyon ant frè ak sè k ap grandi ansanm se youn nan bagay enpòtan paran yo ap chache. Avèk ankourajman plis ankadreman, timoun ou yo kab aprann pou yo rete ansanm ak lòt parèy yo, pou yo rezoud konfli yo, pou yo devlope pasyans epi montre respè ak espri padon. Sa yo enpòtan pou tout lavi.



## MISYON NOU:

Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan envestisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.

## Ankouraje timoun pou yo gen bon abitud fè lekti, se yon bagay ki enteresan

**Y**oun nan pi gwo kado yon timoun ka resewva se lè yo ede l pran plezi nan fè lekti. Sa ap ret avè l pou tout rès vi li. Aprann li, se baz tout etid, sa ka ouvè tout kalite pòt pou tout moun epi sa prepare timoun pou yo fè bon elèv epi pou yo vin bon anplwaye pi devan epi pou yo vin bon sitwayen sou latè a.



Dapre rechèch ki fèt, timoun ki pa li byen pa fè bon nòt lekòl epi se yo ki pi vit gen move konpòtman lekòl. Timoun sa yo pa bay tèt yo anpil enpòtan, epi malerezman, timoun sa yo pa janm bay ranman yo ta dwe bay.

Kòm paran, se ou ki premye pwofesè pitit ou. Ou jwe yon wòl enpòtan nan jan ou ede yo aprann ak jan ou ede yo devlope enterè yo nan afè lekti. Lè ou fè pitit ou konnen “li kapab” se yon bagay ki enpòtan si ou vle pitit ou gen sikès nan domèn lekti. Dapre sa Direktè Jeneral Miami Dade Family Learning Partnership la, Lisa Blair di: “Konn li se yon ladrès. Plis yon timoun li, plis li vin pi maton nan lekti.”

Pou w ankouraje pitit ou li, fè yo fè anpil egzèsis lekti. Li jounal ansanm. Li yon resèt nan liv kizin epi fè manje ansanm. Li liv ansanm. Mande pitit ou pou l li pankad nan lari yo pandan w nan machin avè li. Chèche mwayen pou nou fè ti konvèsasyon ak pitit nou chak jou. Aktivite sa yo, non sèlman yo mete yo relasyon ant nou menm ak pitit nou, men yo ede timoun yo devlope kapasite yo pou yo pale epi sa ede yo devlope vokabilè yo tou. Pale ak yo sou tout kalite sijè. Pale avè yo sou sa yo fè pandan jounen an oubyen sou ki sa yo ta renmen manje kòm soupe. Menm si pitit ou se yon tibebe ki poko aprann pale, pale avè l souvan pandan tout jounen an. Anvan w bat je w l ap kòmanse pale epi li liv.

Dezyèm semèn mwa d me a se semèn selebrasyon “Fè lekti enteresan”, ann Angle “Reading is Fun Week”. Se bon epòk pou nou pase plis tan ap li liv ak pitit nou epi pou nou fè ti koze ak yo sou istwa nou li yo. Òganizasyon “The Children’s Trust” ap patwone plizyè pwogram ki ankouraje timoun tout laj aprann li. Yon nan pwogram sa yo se pwogram ki rele “The Family Literacy Arts Program” yo fè nan lekòl primè “Lillie C. Evans Elementary School”. Pwogram sa a montre timoun enpòtan

aprann li, aprann ekri epi kominike youn ak lòt.

Pwogram sa a sèvi ak dans, pwezi ak teyat epi li montre timoun yo sa ki genyen nan kilti lòt moun, estil muzik lòt moun ak kalite manje lòt moun manje, tou sa pandan y ap montre kouman konn li se bagay ki enpòtan. Pou yon moun chante yon chante, li yon powèm oubyen jwe nan yon pyès teyat, konn li se yon ladrès li dwe genyen.

Vanesa Tirado Pwofesè anchaj nan lekòl Lillie C. Evans la di: “Yo pran plezi yo” an palan de elèv li yo. Li di tou “Men yo konnen kominikasyon ak lekti fè pati nan tout sa y ap fè.”

Men kèk konsèy sou kòman nou ka ede pitit nou li pi byen:

- \* Trase egzanz pou yo. Asire nou pitit nou wè nou k ap li. Kèlkeswa sa n ap li a – yon jounal, yon liv pou yon aparèy oubyen yon liv resèt. Timoun renmen chare, sa nan san yo, yo ta renmen li menm jan ak paran yo. Si ou gen difikilte pou w li, lekòl leta Miami-Dade yo fè klas pou granmoun.
- \* Etenn televizyon an. Olye nou chita ap gade televizyon, sèvi

**Si w bezwen plis  
ransèyman sou program literasi yo,  
ou mèt kontakte, Lisa Blair nan pwogram  
“Family Learning Partnership” nan  
305-891-7323**

ak tan sa a pou nou li pou pitit nou. Ankouraje yo li awotwa pou nou ka suiv pwogrè y ap fè. Lè televizyon an limen, ou ka mete l sou fason pou yo ekri pawòl yo pou ede timoun yo rekonèt mo y ap di nan televizyon an.

- \* Ofri timoun yo diferan kalite liv. Ba yo tout kalite liv pou yo li pou nou ka wè ki istwa yo pi renmen. Gen timoun ki renmen liv ki gen istwa ladan yo, gen lòt timoun ki renmen liv kont ak biyografi. Mande lekòl la oubyen nan bibliyotèk piblik bò lakay ou a pou yo ba w yon lis liv ki bon pou laj pitit ou a.
- \* Chèche konnen sa ki enterese yo. Montre pitit ou liv ak magazin ki pale de sa ki enterese yo, tankou bagay ki nan lespas, espò, zannimo oubyen tan an.
- \* Sèvi ak bibliyotèk piblik yo. Asire nou pitit nou fè kat bibliyotèk yo. Bibliyotèk nan zòn lakay ou a ofri anpil pwogram gratis pou fanmi an ka amize yo. Si bibliyotèk la lwen kay ou, ou ka enterese sèvi ak bibliyotèk mobil la. Si w bezwen plis ransèyman sou bibliyotèk mobil la, telefone Miami-Dade County nan nimewo sa a: 305-480-1729.
- \* Travay ansanm ak pwofesè pitit ou. Pwofesè pitit ou a jwe yon wòl enpòtan pou ede pitit ou aprann li. Mande pwofesè lekòl la pou li ba wou rapò sou jan pitit ou ap boule tanzantan epi mande li ba wou kèk lide sou sa ou ka fè lakay ou pou ede ak edikasyon pitit ak fason pou l renmen li.

# Tout moun abò pou n amize n an fanmi!

## Benyen nan pisin an sekirite

Otè: Lee M. Sanders, MD, MPH, Inivèsite Miyami/Lopital Jaksonn Depatman pedyatri.

**P**andan sezon ete a ap pwoche epi dlo yo vin cho, timoun nan Sid Florid la pral pase pi plis nan tan yo nan dlo oswa kote ki gen dlo. Sa kapab yon pati enpòtan epi amizan nan grandi nan Eta Florid.

Malerèzman, timoun ki nan laj 1 a 4 an pèdi lavi yo neye anba dlo pi plis pase tout lòt sa ki kòz lanmò yo.

Pandan gen anpil pwogram ki ofri leson naje pou timoun tout laj, leson sa yo sèlman pa ka anpeche timoun kontinye neye. Tout timoun piti ki nan dlo oswa yon kote ki pre dlo, fò toujou gen yon granmoun k ap voye je sou yo.

Lakwawouj Amerikèn ak YMCA devlope pwogram pou tibebe ak timoun preskolè pou bay paran ak timoun amizman. Men pwogram sa yo pa fèt pou moutre timoun naje byen oswa pou yo sove tèt yo pou kont yo nan dlo. Fè timoun koumanse pran leson naje bonè nan yon laj tou piti pa vle di y ap konn naje pi byen pase sa yo ki pran leson naje



nan yon laj ki pi gran.

Akademi Pedyatri Amerikèn bay rekòmasyon sa yo pou moutre timoun piti naje san danje:

1. Timoun pa pare pou pran leson naje fòmèl toutotan yo poko gen 4 an; kò yo pa devlope ase pou sa.
2. Leson naje pou tibebe ak timoun 1 a 3 an, yo pa ta dwe ap prezante sa kòm yon mwayen pou diminye risk pou yo pa neye.
3. Paran yo pa ta dwe santi yo kè kal ap panse pitit yo an sekirite nan dlo oswa li pap ka nwaye lè li fin patisipe nan pwogram kon sa.
4. Nenpòt lè tibebe ak timoun 1 a 3 an nan dlo oswa yon kote ki gen dlo, yon granmoun ta dwe sou lamèn pou bay yon siveyans sere.

Pou timoun ki gen plis pase 4 an, kontakte pwogram pou aprann naje nan Miami-Dade la ki rele "Miami-Dade Parks' Learn to Swim Program". Rele (305-755-7800) pou leson bon mache ak kote ki gen lisans pou bay leson nan zòn ou.

# Kwen Atis

## Fason pou nou elve yon timoun ki vejetaryen

Sheah Rarback M.S., R.D., ki travay nan " Mailman Center for Child Development at the University of Miami."

**E**nkyetid sou afè sante, anvivonman an ak fason anpil fanmi renmen fri ak legim fè yo vin enterese nan rejim vejetaryen anpil.

Timoun ki suiv yon rejim vejetaryen grandi byen. Fri, legim ak manje angren se bagay ki kenbe moun an sante. Se manje sa yo nou ta renmen tout moun manje plis menm si yo pa vejetaryen. Men gen kèk bagay pou paran pòte atansyon sou yo.

- Mank vitamin fè nan kò timoun se yon pwoblèm kèlkeswa rejim timoun yo. Sereyal ak manje angren ki gen fè ladan yo ede timoun mete ase fè nan kò yo. Fri ki seche, tankou rezen ki nan sereyal, mete plis fè nan kò a.
- Poutèt gen anpil fib nan rejim vejetaryen an vant timoun ki suiv rejim sa yo konn gen tan plen anvan yo manje ase kalori. Nwa pistach ak gren moun abitye manje ki andan kèk fri se meyè fason pou adisyone kalori nan rejim yon moun. Ou gen dwa manje fri ki seche, zaboka Florid yo, kokoye ak pwodui ki fèt ak soy. Mande pedyat pitit ou a si timoun nan ap pran ase pwa.
- Kalsyòm se pa yon pwoblèm pou moun k ap suiv yon rejim vejetaryen depi timoun nan ap bwè lèt ki fèt ak soy oubyen lèt ki fèt ak diri, oubyen ji ki gen anpil kalsyòm. Legim ki vèt anpil ki gen gwo fèy bay anpil kalsyòm tou. Si ou bwè lèt, ou pap gen pwoblèm kalsyòm.
- Vitamin D: Nou menm ki abite nan Eta Florid la nou pa dwe gen pwoblèm pou jwenn vitamin ki soti nan solèy la men sa ka yon pwoblèm ki gen po fonce ki pa pase anpil tan nan solèy. Gen vitatim D nan lèt bèf ki fòtifye epi nan kèk lèt soy ak lèt ki fèt ak diri. Anpil sereyal ki fèt pou moun ki vejetaryen konn gen vitamin D ladan yo.

Rejim vejetaryen ki byen kalkile ka bon pou sante timoun ak sante paran yo.



## Patisipe Nan ti Journal sa a...



### Voye:

foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

### Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation  
3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

### The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6

(305-860-3000) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvize pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County. Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

### Edite ti journal sa a se:

Ana de Aguiar Echevarria  
(305-646-7230)

### Moun ki nan komite revizyon

journal sa a se:  
Dr. Debbie Glasser



3250 SW Third Ave.  
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT  
ORG.  
U.S. POSTAGE  
PAID  
MIAMI, FL  
PERMIT #5665